



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPozISYON NAN BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2020 AN KI PRAL KREYE PWOTEKSYON KATEGORIK POU MOUN KI GEN PRÈ ETIDYAN YO**

***Pwopozisyon an Mandè pou Ajans Prè Etidyan nan New York yo Gen yon Lisans Eta New York***

***Entèdi Frè Inisyal yo, Egzije Kontra Ekitab, epi Sanksyone yo Lè yo Pa Konfòm***

***Apeprè 2.8 Milyon Moun ki gen Prè Etidyan nan Eta New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 li an gen ladan pwopozisyon pou bay nouvo pwoteksyon kategorik pou moun ki gen prè etidyan yo. Pwoteksyon yo egzije ajans prè etidyan Nouyòkè yo dwe yo, gen yon lisans eta a epi satisfè nòm ki konfòm ak lwa ak 93 règleman ki reji lòt pwodui prè konsiderab yo, tankou prè ipotekè yo. Sa a se dènye etap nan angajman istorik Gouvènè Cuomo pran pou l pwoteje apeprè 2.8 milyon moun ki gen prè etidyan nan Eta New York la yo.

“Anpil milyon etidyan nan New York dwe anpil dizèn milya dola prè ki gen apeprè 30 ajans prè k ap jere yo, poutan ajans prè sa yo pa gen ni lisans, ni eta pa reglemante yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Endistri ajans prè etidyan yo te souleve anpil preyokipasyon grav konsènan pwoteksyon konsomatè yo, ke nou bezwen abòde epi avèk pwopozisyon sa a, nou pral ofri nouvo pwoteksyon kategorik pou moun k ap fè prè yo epi ede pran mezi reprezay kont praktik prè san eskripil yo.”

Pwopozisyon Gouvènè a pral asire ke okenn ajans prè etidyan pa ka twonpe yon moun k ap fè prè oubyen angaje nan aksyon oubyen pratik eksplwatasyon, mal-aplike peman, bay ajans evalyasyon kredi yo enfòmasyon enkorèk, oubyen patisipe nan okenn lòt pratik ki ka nwi moun k ap fè prè a. Pwopozisyon sa yo entèdi frè inisyal yo, egzije ke yo siyen kontra ekitab ki klè ak revelasyon evidan bay moun k ap fè prè yo, epi aplike pinisyon si yo pa respekte lwa a.

Depi lè li te antre an fonksyon an 2011 lan, Gouvènè Cuomo te yon vwa lidè nan pwoteksyon aksè a ansèyman siperyè, pi patikilyèman atravè tout premyè Bous Detid Excelsior la (Excelsior Scholarship), ki se yon pwogram ki pèmèt etidyan atanplen yo pou yo al lekòl SUNY oswa CUNY pou dezan oswa katran san yo pa peye frè eskolè. Gouvènè a te yon defansè tou pou ogmante pwoteksyon pou apeprè 2.8 milyon moun ki gen prè etidyan nan New York. Anplis de sa, Gouvènè a te kreye Pwogram Padon pou Prè Mete w Debou a (Get on Your Feet Loan Forgiveness Program) k ap ofri etidyan inivèsite Eta New York ki fenk diplome yo k ap touche 50,000 dola oswa mwens pa ane yo jiska 24 mwa soulajman dèt prè etidyan federal yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)